


## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Métode Panalungtikan

Métode mangrupa hiji patokan pikeun ngahontal tujuan dina prakna ngalaksanakeun panalungtikan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif, nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, ngaklarifikasi data, nganalisis data tur nafsirkeun data (Surachmad, 1994:147). Métode panalungtikan ieu, dipaké pikeun meunangkeun gambaran tina fakta-fakta jeung sipat objék panalungtikan sacara sistematis, logis jeung faktual.

#### 3.2 Desain Panalungtikan





### 3.3 Populasi jeung Sampel

Populasi mangrupa objék sakabéhna tina objék nu ditalungtik. Nurutkeun Sugiyono (2010:215) populasi diartikeun salaku wilayah *generalisasi* nu ngawengku: objék/subjék nu ngabogaan kualitas jeung karakteristik nu tangtu nu ditetepkeun ku panalungtik pikeun dipedar sarta dicindekkeun. Sedengkeun sampel mangrupa bagian tina éta populasi. Populasi di dieu leuwih museur kana wilayah atawa jangkawan panalungtik.

#### 3.3.1 Populasi jeung Sampel Data di Désa Rajamandala Kulon

Désa Rajamandala Kulon nu legana 1.257 Ha. Ngawengku 27 rukun warga, nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta 16 rukun warga nu saterusna disampelkeun deui ngagunakeun téknik *purposive sampling*.

*Purposive sampling* nya éta sampel anu bertujuan. Penyampelan dilakukeun ku cara nyaluyukeun gagasan, asumsi, sasaran, tujuan, mangpaat anu rék dihontal ku panalungtik. Penyampelan samodél kieu kaasup kana golongan

non probabilitas. Panalungtik bisa nyokot sampel luyu jeung kahayangna, (Endaswara, 115:2006).

**Tabél 3.1**

**Populasi jeung Sampel Data di Désa Rajamandala Kulon**

<b>Populasi Panalungtikan</b>	<b>Sampel Panalungtikan</b>
-------------------------------	-----------------------------

<ol style="list-style-type: none"> <li>1. RW 01 Cipanas</li> <li>2. RW 02 Cipeureudeuy</li> <li>3. RW 03 Babakan Bandung</li> <li>4. RW 04 Babakan Bandung</li> <li>5. RW 05 Sukaati</li> <li>6. RW 06 Cinangka</li> <li>7. RW 07 Cikalapa</li> <li>8. RW 08 Warung Tiwu</li> <li>9. RW 09 Warung Jambé</li> <li>10. RW 10 Warung Jambé</li> <li>11. RW 11 Pakemitan</li> <li>12. RW 12 Pakemitan</li> <li>13. RW 13 Pakemitan</li> <li>14. RW 14 Sukalilah</li> <li>15. RW 15 Warung Tiwu</li> <li>16. RW 16 Nyomplong</li> <li>17. RW 17 Nyomplong</li> <li>18. RW 18 Citapén</li> <li>19. RW 19 Cisadang</li> <li>20. RW 20 Ciburahol</li> <li>21. RW 21 Témbongsari</li> <li>22. RW 22 Rancabéntang</li> <li>23. RW 23 Ciburahol</li> <li>24. RW 24 Ciburahol Haur</li> <li>25. RW 25 Cisameng</li> <li>26. RW 26 Cioray</li> <li>27. RW 27 Tempong Asih</li> </ol>	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. RW 03 Babakan Bandung</li> <li>2. RW 04 Babakan Bandung</li> <li>3. RW 05 Sukaati</li> <li>4. RW 07 Cikalapa</li> <li>5. RW 08 Warung Tiwu</li> <li>6. RW 09 Warung Jambé</li> <li>7. RW 10 Warung Jambé</li> <li>8. RW 11 Pakemitan</li> <li>9. RW 12 Pakemitan</li> <li>10. RW 15 Warung Tiwu</li> <li>11. RW 16 Nyomplong</li> <li>12. RW 17 Nyomplong</li> <li>13. RW 18 Citapén</li> <li>14. RW 19 Cisadang</li> <li>15. RW 20 Ciburahol</li> <li>16. RW 24 Ciburahol Haur</li> </ol>
---	--

### **3.4 Wangenan Operasional**

Sangkan leuwih jéntré, di handap ieu baris dijelaskeun wangenan operasional anu patali jeung ieu judul panalungtikan, nya éta:

- 1) Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu dipaké kénéh ku masarakatna.
- 2) Basa Sunda prokém Rajamandala Kulon mangrupa ragam basa anu dipaké ku kaum rumaja di désa Rajamandala Kulon pikeun ngabédakeun dirina jeung masarakat liana.
- 3) Désa Rajamandala Kulon mangrupa salahiji wewengkon anu aya di Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat anu pangeusina 85% penduduk asli urang Sunda.

### **3.5 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Alat rékam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan basa Sunda prokém Rajamandala Kulon, Kecamatan Cipatat, Kabupatén Bandung Barat.
- 2) Kaméra pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.
- 3) Kartu panalungtikan pikeun idéntitas informan.

### **3.6 Téhnik Panalungtikan**

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik observasi, téknik wawancara jeung téhnik tala'ah pustaka. Obsérvasi digunakeun pikeun niténan langsung kalawan objéktif kana hiji kajadian atawa hiji prosés, nya éta anu mangrupa obsérvasi langsung ka tempat pikeun ngumpulkeun Basa Sunda Prokém di Désa Rajamadala Kulon Kecamatan Cipatat kabupatén Bandung Barat. Téhnik sadap téh nya éta tehnik dasar dina métode obsérvasi, ku kituna ieu téhnik téh mibanda téhnik turunan,

nya éta tehnik *Simak Bebas Lihat Cakap* (SBLC) jeung tehnik *Simak Lihat Cakap* (SLC), catet jeung rekam (Mahsun, 2005:218) tehnik *Simak Bebas Lihat Cakap* (SBLC) nya éta téhnik nu dipaké ku panalungtik pikeun “nyadap” paripolah basa dina hiji paguneman tanpa ngilu ilubiung kana éta paguneman (il. Mahsun, 2004:219). Jadi, dina téhnik SBLC mah nu nalungtik téh ukur ngimeutan paripolah basa kalayan pasif. Téknik wawancara (*interview*) digunakeun pikeun meunangkeun informasi sacara langsung ngaliwatan ti sababaraha informan atawa anu diwawancara ngeunaan basa Sunda Prokém di Désa Rajamadala Kulon Kecamatan Cipatat Kabupaten Bandung Barat. Sedengkeun tala’ah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik.

### **3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data dipedar ieu di handap.

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nyadap paripolah basa tanpa milu aub dinu éta guneman.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat anu tangtu. Ku cara paguneman atawa kontak jeung panyatur salaku narasumber.

3) Téhnik Dokumentasi

Tehnik dokuméntasi maksudna nya éta nilik, nitenan, tur ngulik kana sajumlahing dokuméntasi nu geus aya saperti dokumén buku atawa sumber tinulis lianna nu aya hubunganna jeung panalungtikan.

4) Téknik Studi Pustaka

Téknik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpukeun bahan tulisan dina néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

### **3.6.2 Téhnik Ngolah Data**

Sanggeus data nu kapanggih dikumpulkeun, satuluyna ngolah data dumasar kana téknik-téknik anu geus dipedar di luhur. Anapon léngkah-léngkah garapanana saperti nu dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan jeung néangan deui data anu geus dikumpulkeun,
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana warna jeung fungsina,
- 3) Nganalisis data,
- 4) Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah tadi.

Téhnik analisis anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik komparasi intralingual jeung ékstralingual. Téhnik komparasi intralingual nya éta téhnik nu tujuanna pikeun néangan hal poko ku cara matalikeun jeung ngabandingkeun unsur-unsur jero basa, saperti kandaga kecap, warna kecap, jeung pola basa prokém nu dipaké ku sababaraha informan. Sedengkeun téhnik komparasi ékstralingual nya éta téhnik nu tujuanna pikeun néangan hal poko ku cara matalikeun jeung ngabandingkeun unsur-unsur luar basa, saperti kontéks omongan, *gender*, umur, jeung kelas sosial nu nyampak minangka fénoména sosiolinguistik dina basa prokém rumaja.

## **3.7 Léngkah Garapan Panalungtikan**

### **3.7.1 Tatahar**

Dina tahap tatahar, léngkah-léngkah garapanna téh saperti anu dipedar ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun sumber pustaka, leuwih écésna nya éta buku-buku téori ngeunaan métodologi panalungtikan (basa), dialék sosial, kandaga kecap, jeung hususna basa prokém rumaja.
- 2) Nyieun watesan jeung rumusan masalah;
- 3) Ngasongkeun judul panalungtikan;
- 4) Nyusun rarancang panalungtikan proposal, jeung;
- 5) Konsultasi tur ménta panyaluyuan ka dosén pangaping I jeung dosén pangaping II.

### **3.7.2 Ngumpulkeun Data**

Saréngséna tahap tatahar, nepi kana tahap ngumpulkeun data. Data ieu panalungtikan téh nya éta basa prokém rumaja anu aya di Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat kabupatén Bandung barat. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun kandaga kecap anu baris ditanyakeun ka informan;
- 2) Nyieun instrument kandaga Kecap Basa Prokém Rumaja anu aya di Désa Rajamandala Kulon Kacamatan Cipatat Kabupatén Bandung Barat, contona saperti ieu di handap.

**Tabél 3.2**

### **Instrumén Kandaga Kecap Basa Prokém Rajamandala Kulon**

**Wasta: Rudiansyah**

**Umur : 21 taun**

**Padumukan: Kp. Nyomplong**

**Jenis Kelamin: Laki-laki**

No	Kecap Lulugu	Basa Prokém	Keterangan	
1	rada gélo	adar olég	teu waras ingetanna	
Nu Ngawawancara : Geri Daryat saputra				
Tgl Wawancara : 21 Oktober 2012				

- 3) Wawancara ka Informan anu geus ditangtukeun;
- 4) Obsérvasi ka lapangan ku cara nyadap, nyatet, tur ngarékam basa prokém rumaja. Format nyatet hasil sadap bisa ditinggali dina tabél di handap;

**Tabél 3.3**  
**Instrumén Laku Basa Prokém**

NO	KATERANGAN	INFORMASI
1.	Tanggal Panalungtikan	
2.	Nu maké basa	
3.	Jejer caritaan informan (nu dicaritakeun)	
4.	Tempat guneman nu lumangsung	
5.	Jalma nu kalibet dina guneman	
6.	Suasana	
7.	Rasa, nada, jeung ragam basa	
8.	Amanat jeung tujuan ahir omongan	
9.	Ngaran pengamat	

(Sudaryat, 2003:101)

- 5) Mindahkeun data hasil sadap (lisan) kana wangun tulisan (transkripsi).

### 3.7.3 Ngolah Data

Sanggeus data nu kapanggih téh dikumpulkeun, satuluyna dianalisis dumasar téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Sangkan leuwih écés, léngkah-léngkah nganalisis data téh dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan deui kagembengan data;
- 2) Mindahkeun data kana kartu data. Tegesna, dina ulikan kandaga kecap, unggal kecap dipasing-pasingkeun kana tilu kartu data. Conto kartu data kandaga kecap saperti ieu di handap.

**Tabél 3.4**

**Kartu Data**

No Data: 001
Kecap Prokém: adar olég
Kecap lulugu: rada gélo
Warna: kecap sipat

- 3) Milah jeung milih data maké kartu data;
- 4) Nyirian (nganomeran) data nu ngarojong kana déskripsi kandaga kecap;
- 5) Tina Hasil analisis data, satuluyna ditabulasikeun dumasar kana gundukanna. Susunan tabulasina nya éta; nomor korpus, nomor data, kecap basa prokém, kecap basa sunda lulugu. Jéntréna saperti ieu conto di handap.

**Tabel 3.5**

**Susunan Tabulasi Analisis Data**

No	No Data	Basa Prokém	Basa Sunda Lulugu
1	001	adar olég	rada gélo

- 6) Maluruh fungsi sosial basa prokém di kalangan rumaja dumasar data anu kapanggih di lapangan ditilik tina laku basa dipakéna basa prokém.

### 3.7.4 Nyusun Data

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan sabada hasil dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wengun déskriptif, anu ahirna disusun sacara sistematis dina wengun skripsi.